

Kisa k ap pase nan lekò leta NYC

[عرض هذه الوثيقة باللغة العربية](#) / [এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন](#)

[查看本文件的中文版](#) / [Consultez ce document en français](#) / [Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen](#)

[이 문서를 한국어로 보기](#) / [Consulte este documento en español](#)

[Перевод документа на русский язык](#) / [یہ دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں](#)
schools.nyc.gov/messagesforfamilies

10 jen 2022

Chè fanmi:

Yè, Majistra Adams te anonse ke, apati lendi 13 jen, nan lekòl oswa pwogram timoun piti yo, se si w vle pou mete mask pou kouvri figi w.

Pou kenbe sekirite estaf nou yo ak elèv nou yo, n ap kontinye pratike pwotokòl estrik COVID-19, ki gen ladan ogmante vantilasyon, yon tès depistaj sante chak jou, ak distribisyon kit tès. Se si w vle pou mete mask andedan bilding, deyò bilding, ak nan otobis lekòl yo.

Nenpòt moun ki chwazi mete yon mask ka kontinye fè sa, epi pitit ou a ka mande yon mask nan lekòl li oswa pwogram li si li bezwen youn. Nou rekòmande toutbon pou nenpòt manm estaf oswa elèv ki konnen yo te ankontak avèk COVID-19 nan espas 10 jou avan yo mete mask. Mete mask toujou obligatwa nan sal medikal yo ak sal enfimyè yo. Enfimyè yo pral gen mask sou men pou nenpòt moun k ap antre ki ka bezwen youn.

Avèk senserite,

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk